

Dokiman w ap bezwen pou Lisans Chofè/Kat ID

Moun ki pa Imigran

Moun ki pa sitizen oswa rezidan pèmanan nan Etazini gen dwa pou yo gen yon lisans chofè oswa kat ID pou peryòd tan ki endike sou dokiman USCIS yo, jiska maksimòm kat (4) ane

Ou dwe pote dokiman idantifikasyon, sosyal sekirite ak adrès rezidansyèl.

pote

1

Idantifikasyon Prensipal

Pa aksepte fotokopi.

Fòk ou prezante yon idantifikasyon valab ak dokiman imigrasyon aktyèl USCIS chak fwa yo mande pou fè tès, kat idantite, oswa emisyon lisans chofè. Lis ki anba a pa konplè; tanpri pote tout dokiman imigrasyon aktyèl ou yo nan randevou ou a pou revizyon ak akseptasyon.

- Kat otorizasyon travay valab (fòm I-766)
- Kat otorizasyon travay ki ekspire **avèk** I-765 te ranpli anvan kat travay ekspirasyon
- Paspò Kanadyen ki valab
- Paspò etranje valid **avèk** Jij Imigrasyon lòd oswa avi pou odyans alavni
- Paspò etranje ki valab **avèk** I-94 aktyèl la
- Paspò etranje ki valab **avèk** dokiman USCIS aktyèl yo otorize libète oswa estati refijye
- Paspò etranje valab **avèk** aplikasyon annatant pou azil

Moun ki pa sitizen Ameriken ki chanje non yo dwe premyèman mete ajou non yo avèk USCIS e **avèk Administrasyon Sosyal Sekirite (SSA). Yo dwe prezante yon kopi orijinal oswa sètifye sètifika maryaj oswa lòd tribinal ansanm ak prèv chanjman non ak USCIS. Tanpri tann omwen yon jou ouvra apre ou fin mete ajou non ou ak Sosyal Sekirite anvan ou aplike pou yon lisans oswa kat ID mete ajou.**

Sitizen Kanadyen yo pral bezwen mete ajou paspò oswa dokiman USCIS yo **avèk lisans chofè Kanadyen yo (si yo gin youn) anvan yo ka mete nouvo non an sou kredansyal Florida**

Pa aksepte fotokopi.

Nòt: Dat ekspirasyon lisans oswa kat idantite a pral baze sou dokiman espesifik yo prezante, pa plis pase kat (4) ane. Sitizen ki pa Ameriken kap aplike pou yon lisans orijinal, renouvèlman, oswa ranplasman ka resevwa yon pèmi tanporè papye pou 60 jou ak yon resi. Moun kap aplike pou yon kat ID ka sèlman resevwa yon resi. Lè yo verifiye estati legal ou, FLHSMV ap voye lisans chofè oswa kat ID a nan adrès ki nan dosye a nan 60 jou. Ou dwe tann pou resevwa kat ou nan lapòs anvan ou aplike pou nenpòt lòt lisans oswa kat ID. Si yo detekte yon pwoblèm, yo pral voye yon lèt refi emisyon nan lapòs.

pote

1

Nimewo Sosyal Sekirite

dwe genyen nimewo sekirite sosyal konplè

- Kat Sosyal Sekirite orijinal
- Fòm W-2 oswa 1099
- Resi shèk peman ak Nimewo Sosyal Sekirite konplè

Tout moun ki kalifye pou resevwa nimewo Sosyal Sekirite oubyen otorize pou travay nan Etazini dwe bay prèv nimewo Sosyal Sekirite (SSN) pou yo ka resevwa yon lisans oswa kat idantite (ID). Si aplikasyon pou nimewo Sosyal Sekirite nan suspensyon, ou dwe tann pou jwenn sa anvan ou aplike pou yon lisans oswa kat ID.

pote

2

Prèv Adrès rezidansyèl nan Florida*

- Akt posasyon tè, peman kay-la, Dokiman taks sou pwopriyete, oswas Kontra lwaye
- Kat Sèvis Militè
- Dokiman valab ki montre pwopriyete machin oswa bato nan Florida
- Bòdwo sèvis piblik ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou bill dlo, gaz, elektrisite, telefòn, intènèt)
- Deklarasyon finansye ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou bank, kat kredi, oswa kont envestisman)
- Liv pèman machin ki dat nan 60 dènye jou yo
- Kat medikal oswa kat sante ak/oswa bòdwo medikal ki dat nan 60 dènye jou yo
- Lisans pwofesyonèl ki te bay pa yon ajans gouvènman ameriken
- Dokiman ki soti nan anlwayè ki dat nan 60 dènye jou yo (tankou talon chèk, fòm W-2)
- Bòdwo asirans kay ou ak/oswa machin ou genyen kounye a
- Dokiman ki soti nan ajans gouvènman federal, eta, oswa vil ki dat nan 60 dènye jou yo
- Fòm enskripsyon FDLE ki ranpli pa biwo sherif lokal la oswa Depatman Koreksyon yo nan 30 dènye jou yo

Lè w ap itilize prèv adrès nan non yon lòt moun, ou dwe ranpli yon Fòm Sètifikasyon Adrès epi swiv enstriksyon ki sou fòm nan.

*Ou ka jwenn kondisyon pou Lisans Chofè Komèsyal la sou lòt bò papye sa a.



Lisans Chofè Komèsyal & Pèmi Aprantis Chofè Komèsyal

Dokiman Obligatwa pou Moun ki pa Imigran



Eskane kòd la pou w jwenn enfomasyon ki pi ajou oubyen vizite **LeeTC.com**.

Lwa federal la mande pou tout aplikan lisans/pèmi komèsyal deklare estati sètifikasyon medikal yo epi bay yon sètifika valab nan men yon egzaminatè medikal (sof si yo espesyalman eksepte).

pote

1

Nimewo Sosyal Sekirite

dwe genyen nimewo sekirite sosyal konplè

Chwazi yon prèv Sosyal Sekirite nan lòt bò papye sa a.

pote

1

Idantifikasyon Prensipal

kopye orijinal oswa sètifye

Pa aksepte fotokopi

Chwazi yon prèv Idantifikasyon Prensipal nan lòt bò papye sa a.

Moun ki pa sitizen Ameriken ki chanje non yo dwe premyèman mete ajou non yo avèk USCIS e avèk Administrasyon Sosyal Sekirite (SSA). Yo dwe prezante yon kopi orijinal oswa sètifye sètifika maryaj oswa lòd tribinal ansanm ak prèv chanjman non ak USCIS. Tanpri tann omwen yon jou ouvrab apre ou fin mete ajou non ou ak Sosyal Sekirite anvan ou aplike pou yon lisans oswa kat ID mete ajou.

Sitizen Kanadyen yo pral bezwen mete ajou paspò oswa dokiman USCIS yo avèk lisans chofè Kanadyen yo (si yo gin youn) anvan yo ka mete nouvo non an sou kredansyal Florida.

Pa aksepte fotokopi.

pote

1

Prèv Rezidans nan Florida

- Yon Lisans Chofè Florida oswa Kat Idantite Florida ki valab epi ki ou te genyen-l pou plis ke (6) mwa apre lòt
- Yon kontra kay, yon ipotèk rezidansyèl, oswa yon papye kay ki sou non kliyan an, siyen plis pase sis (6) mwa de sa
- Deklarasyon Domisil. (Deklarasyon Domisil yo ranpli avèk Lee Clerk of Courts – Depatman Dosye Ofisyèl.)
- Yon egzanspyon taks sou pwopriyete nan Florida. (Ouka jwenn prèv egzanspyon homestead la sou leepa.org epi klike sou "Exemption Renewal Letter.")

pote

2

Prèv Adrès rezidansyèl nan Florida

Kandidan pou CLP/CDL dwe prezante de (2) prèv adrès diferan sou non yo, oswa:
De (2) dokiman nan Lis A **oubyen** yon (1) dokiman nan Lis A **avèk** yon (1) dokiman nan Lis B

LIS A

Soumèt youn oubyen de dokiman nan non aplikan an:

- Yon kontra lwaye resan pou rezidans la ki valab pou 6 mwa oswa plis, nan non chofè a
- Kat Enstriksyon Votè nan Florida ki resan
- Rejestrasyon oswa tit Florida pou machin ou bato ki pa ekspire
- Pwopriyete kay oswa kontra asirans kote ou louwe oswa bòdwo
- Bill sèvis piblik resan (dlo, gaz, elektrisite) dat nan 60 dènye jou yo
- Bill telefòn resan, dat nan 60 dènye jou yo
- Bill intènèt resan, dat nan 60 dènye jou yo
- Dènye bòdwo taks sou pwopriyete a
- Tit ipotek pou pwopriyete nan Florida

LIS B

Soumèt yon dokiman nan non kandida a.

- Dènye fòm W-2 oswa 1099
- Dènye deklarasyon labank, ki gen dat nan dènye a 60 jou
- Dènye deklarasyon kat kredi, ki gen dat nan dènye a 60 jou
- Dènye lòd oswa dokiman militè
- Dènye talon chèk ki resan dat nan dènye a 60 jou
- Dokiman gouvènman ofisyèl ki resan, dat nan 60 dènye jou yo

Si yo pa kapab bay okenn dokiman akseptab nan Lis A, kandida a dwe soumèt yon Deklarasyon Domisil ki ranpli nan Biwo Klerk Tribinal la AK yon dokiman nan Lis B. Sètifika Adrès pa akseptab.

Moun ki gen CPL/CDL kap mande yon renouvèlman oswa ranplasman lisans, oswa moun k ap shèshe yon amelyorasyon (pa egzansp: Klas B rive nan Klas A) yo sijè a menm dokiman an ak kondisyon adrès.

Kondisyon pou Lisans Kondwi ak Idantifikasyon yo ye sou lòt bò papye a.